



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN
LAPOLIS ETA A ENSTRIKSYON POU ASISTE NAN ANKÈT SOU ENSANDI YON
DRAPO FYÈTE ANDEYÒ YON BA LGBTQ NAN HARLEM**

"Mwen santi m degoute akòz ensandi yon drapo Fyète andeyò yon ba LGBTQ nan Harlem ayè maten bonè. Sa te yon zak destestab ak lach ki te vin pi mal akòz li te pase lavèy mwa Fyète a.

Pa gen okenn plas pou rayisans nan New York ak sila yo ki responsab pou konpòtman repiyan sa yo dwe rann kont. Mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou bay imedyatman Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) nenpòt resous yo bezwen pou asiste ankèt sou ensidan sa a.

Olye li divize Nouyòkè, zak detestab sa a pral sèlman ranfòse angajman nou pou tolerans, egalite ak jistis pou chak moun".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)